АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№6 (10000)
РУЗМАН
18 февраль 2022 сон
16 РАЖАБ 1443 СОН

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## Афгъаналъул ветеранал ракIалдещвеялъе

**15 февралалда ХIебда росулъ тIобитIана Афгъаналъул рагъдаса ахирияв рагъулав хъулухъчи тIадвуссаралдаса 33 сон тIубаялъул ракIалдещвеялъул митинг. Гьенир гIахьаллъана Афгъаналъул ветеранал НурмухIамад МухIамадаминов ва ХIажи Мусаев, райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев, районалъул маданияталъул отделалъул нухмалъулев ГI. ГIабдуламухIамадов, гIолилазул ишазул бетIерав специалист М. Хатиев, районалъул ветераназул Советалъул председатель М. АсхIабов, ХIебда школалъул мугIалимзаби ва «Юнармия» къокъаялъул цIалдохъаби. Афгъаналда чIварал нилъер районцоязе бараб памятникалда цебе ракIалдещвеялъул тIогъол квацIи лъеялдалъун байбихьана митинг.**



Тадбир рагьана ва нухда бачана Гъ. ГIабдуламухIамадовас. Гьес жиндирго кIалъаялда баян гьабуна Афгъаналъул рагъул тарих. «33 соналъ цебе генерал В.Громовгун цадахъ ахирисев советияв солдатас нахъа тана Афгъаналъул гIорхъи. Гьезул ракьалда хутIичIо чIварав, араб бакI лъачIого тIагIарав ва сакъатлъарав. «Советияб Союз-Афгъанистан» абураб кьода къабул гьабуна ахирисеб колонна. Гьелдалъун 10 соналъ халатбахъараб рагъ лъугIана»-ян абуна гьес кIалъаялда.

Хадуб кIалъазе рагIи кьуна М. АсхIабовасе. Гьес абуна: «Нилъеца хIисаб гьабураб мехалъ магIарул мацIалда «рагъ» абураб рагIиялдаса сурукъаб рагIи батиларо. Щибаб рагъалъ гIемераб зарал гьабуна инсанияталъе. Ккана кIудиял камиял. КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босиялъ дунялалда камичIо тункагIусиял. Гьединаздаса ккола Венгриялъул лъугьа-бахьинал, Афгъаналъул рагъ, Чачан республикаялда рагъ ва лъугIи гьечIого рагIулеб Украинаялдаса хабар. Жакъа нилъеда аскIор руго Афгъаналъул кIиго ветеран. Гьезда бихьараб жо жакъа къоялъ бицине кIолареб хIалалъ буго. Щай гурелъул, гьеб кIочон толеб хIалалъ гьечIо. Гьелъул захIмалъи бихьараса гурони лъаларо. Рагъ абураб жо нилъеда ва нилъер наслабазда бихьизе хъван батугеги».

ГIолилазул ишазул бетIерав специалист М.Хатиевас кIвар буссинабуна гIолилазе битIараб нухдаса иналъе дарсал жиндир тухумалъул, росдал, республикаялъул ва улкаялъул тарих лъазабиялдалъун щолеблъи. Гьабураб гьитIинаб лъимадухъгицин букIунеб телефоналъ гьеб кьоларо. Гьес баркала кьола жакъа рохелгун пашманаб къоялъ гьаб тадбиралда гIахьаллъарал цIалдохъабазе ва мугIалимзабазе.

Афгъаналъул ветеран Н.МухIамадаминовас баркала кьуна жидер рагъулаб нух кIочене течIого тIобитIараб тадбиралъе. «Нилъер умумузда КIудияб ВатIанияб рагъда гIемер къварилъи бихьана. Нижеда бихьараблъун буго гьелъул гьитIинабго кесек. Доб заманалде дандеккун нижеда бихьараб гIакъубалъун рикIкIине бегьиларо. РукIана чанги хIинкъи бугел операцияби, рокъоре ритIана хъулухъ цадахъазул жаназаби, бихьана ракълилаб халкъалъул бугеб рахIатхвей. Аллагьас цIунун нижги рокъоре тIадруссана. Аллагьас цIунайги киналго рагъул балагьалдаса»-ян жиндирго пикраби загьир гьаруна гьес.

Митингалъул ахиралда гьенир данделъараз рагъда чIваразе дугIа гьабуна.

**Давуд ДАВУДОВ**

*Адалло ГIалиев гьавуралдаса 90 сон тIубаялде*

## МагIарул поэзиялъул классик



**15 февралалъ магIарулазул машгьурав шагIир Адалло ГIалиев гьавуралдаса тIубана 90 сон.**

**ГIадатияб гуреб пикруялъул, жиндирго хаслъи сундулъго ккурав магIарул поэзиялъул классик Адалло ГIалиев цIалдолезул рекIелъ ва Дагъистаналъул тарихалда батIи-батIияб заманалда вукIана батIи-батIиял даражабазда. ГIемерисезул ракIалде щвеязулъ гьев хутIана XX-XXI гIасрабазул гIорхъуда рукIарал лъугьа-бахьиназул гIахьалчилъун, чангояв кIудияб гьунаралъул ва пагьмуялъул иццлъун . Амма хIакъаб иш буго цониги чи гьес ва гьесул творчествоялъ сан гьабичIого течIевлъи.**

3 гьум.

■ #СТОПКОРОНАВИРУС

## Унтарал дагьлъулел руго

**Райбольницаялъул баяназда рекъон, эпидемиологическияб ахIвал-хIал районалда дагьабго лъикIлъулеб буго. Араб анкьиде дандеккун рокъор дару-хер гьабулезул къадар лъикго дагьлъун буго.**



**Унтаразул къадар 16 ФЕВРАЛАЛДЕ бищун цIикIкIун буго ХIебда, ГIурада, ТIидиб, Гьолокь ва ХIотода росабалъ.**

16 февралалде больницаялда регаразул къадар ккун буго 19 чиясде, амбулаторияб сах гьариялда руго 185 чи. Районалда гIаммаб къагIидаялда жакъа къоялде щвезегIан вакцина гьабун буго 10606 чияс, кIиабилеб этап тIубан буго 8704 чияс. Кинабниги райполиклиникаялде щвана 11958 доза вакцинаялъул.

Унтаразул къадар 16 февралалде бищун цIикIкIун буго ХIебда, ГIурада, ТIидиб, Гьолокь ва ХIотода росабалъ.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ СПОРТ

## Терроралде дандечIей – нижер мурад

**Дагъистаналда цIакъ машгьурал руго «спорт» ва «спортсмен» абурал рагIаби, хасго гIолохъабазда гьоркьоб тIибитIун буго черх лъадари. Исламалъул рахъалъги гьеб лъикIаблъун рикIкIуна, сахлъи цIуни, черх лъадари лъикIаб гIамаллъун кколелъул.**



12-13 февралалъ МахIачхъалаялда Шамил районалъул росабазул командабазда гьоркьоб тIобитIана 7-леб иргадулаб волейболалъул турнир. Экстремистазул кверда хварал ТIелекь росдал бегавулзаби, ковидалъул балагьаздаса хварал ва росдал патриотал ракIалдещвеялъе гIуцIараб турнир.

Турнир гIуцIун букIана «ТIелекь гIолилазул союз» организациялъ, гьезие квербакъи гьабуна райадминистрациялъ, ТIелекь администрациялъ, «ELLCO» компаниялъ, «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъ ва хваразул гIагарлъиялъ. Тадбир нухда бачана «ТIекьадерил гIолилазул союз» гIуцIиялъул нухмалъулев ГIумархIажи Жамалодиновас.

Турниралъул аслиял мурадал рукIана спорталде, цадахъаб хIаракатаб хIухьбахъиялде гIолилазул рокьи куцай, районалъул гIолилал гьункиялде ва цолъиялде ахIи, гIолохъаби терроризмалдаса ва квешабщиналдаса нахъе къан лъикIалде руссине.

Турнир рагьулеб тадбиралда гIахьаллъана Шамил районалъул бетIерасул ишал тIуралев Камил МухIамадов, «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъул нухмалъулев ХIажи МахIачев, районалъул имам МухIамад ГIарипов, Дагъистаналъул бетIерасул гIакълучи, мугIрузул районазул АТКялъул председатель Сайпудин Сайпов, МахIачхъала шагьаралъул собраниялъул председатель Марис Ильясов, МахIачхъалаялъул бетIерасул заместитель ГIалибулат МухIамадов, ТIелекь росдал жамагIаталъул цевехъан КъурамухIамад МухIамадов, ДРялъул волейболалъул федерациялъул президент МухIамад Гъаирбеков, ДРялъул Халкъияб собраниялъул депутат ГIалиасхIаб Шабанов ва ТIелекь росдал бетIер ГIабдурахIманхIажи МухIамадрасулов.

(Ахир 4-леб гьум.)

АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Солдатас тIаса бищуларо кьалул майдан

Щибаб заманалъул руго ракIалдещвеялъул тарихиял хIужжаби. Гьезул гIемерисел хурхарал руго инсаниаталъе ккарал къварилъабазда. Миллионал гражданал гIумруялдаса ратIалъиялъе гIиллалъун руго дунялалъул батIи-батIияб рахъалда кколел чIахIиял тункагIусиял. Гьединаздаса цояблъун ккола 10 сониде гIагарун Афгъанистаналъул ракьалда букIараб рагъ. Солдатас кьалул майдан тIаса бищуларо, гьес жиндирго гьаялда рекъон ВатIаналъул миллияб тIалаб цIунула. «Афгъанистан» ва «рагъ» абурал рагIаби синонималлъун ккана араб гIасрулъул 80-абилел саназ нилъер улкаялъул халкъалъе.

Афгъаналъул рагъ-нилъер бухIи ва сахлъулареб ругъун буго. 1979-1989 соназ батIи-батIиял баяназда рекъон, Афгъаналъул ракьалда рагъулаб хъулухъалда рукIана 620 азаргоялдаса миллионалде гIунтIун солдатал ва офицерзаби. Гьеб рагъдаса чIаго руссинчIезул къадар 15000ялде бахуна. Гьанже заманаялъ гурони гьеб рагълъунги рикIкIунеб букIинчIо. Гьелда цIар букIана халкъазда жаниб миллияб налъи тIубай абураб. Советияб школалда рагъулабгун ВатIан бокьиялъул тарбия щварал гIолилазе батIалъи букIинчIо жал кире ритIаниги. ГIемерисел рагъул хъулухъалда ругезул эбел-инсуда лъалеб букIинчIо жидер лъимал Афгъанистаналда ругеллъиги.

Дагъистаналдаса Афгъанистаналда хъулухъ гьабуна 3000ялдаса цIикIкIун гIолилас. Гьезда гьоркьоса 141 дагъистанияс гIумру кьуна, щунусгоялде гIагарун чи лъукъана Афгъанистаналъул халкъалъул эркенлъи цIунулаго. КIиголязе кьуна БахIарчиясул цIар, 769ясе щвана батIи-батIиял пачалихъалъул шапакъатал. Нилъер районалдаса гьеб рагъда гIахьаллъана 38 гIолилав, рагъдаса тIадвуссинчIо лъабгояв. Гьоркьа Бакълъухъа Шапиев МаламухIамад, ГьентIаса ХIасанов ГIумар, ТIелекьа МухIамадов МухIамадхIажи.

1989 соналъул 15 февралалда Афгъанистаналдаса нилъер аскариял тIад руссана. Гьеб рагъул гIахьалчагIи кIодо гьаризе, 2011 соналдаса нахъе нилъер улкаялда 15 февраль ракIалдещвеялъул кьолъун бихьизабун буго. Афгъаналъул ветераназул хIакъалъулъ хъвана тIахьал, гьаруна кучIдул, рахъана кинофильмал. ТIолго улкаялда руго «ЧIегIерал тюльпанал» абун цIар лъурал ракIалдещвеялъул памятникал. Рагъда лъурал ругъназ унтун бусаде ккун дагь-дагьккун ветераназул къадар дагьлъулеб буго. ЧIаго ругезе цIакъ бокьуларо гьеб рагъул бицине, гьелъул кьогIлъи, гIасилъаби ракIалде щвезаризе.

Нилъер улкаялъе ва халкъалъе кIудиял камиял гьарураб КIудияб ВатIанияб рагъдаса хадуб дунялалъул церетIурал пачалихъаз жидерго цIуна-къай цIикIкIинабуна. Цойидасанго тушманасул кьаби щвечIого букIине дунялалъул батIи-батIиял бакIазда гIуцIана рагъулал базаби. Гьелдалъун жакъаги дунялалда бугеб ахIвал-хIал хIалие босун, нилъер аскариял руго Сириялда, Таджикистаналда, Армения-Азербайджаналъул гIорхъода, Грузиялъул гIорхъода. Гьезул кверщаликь буго жакъасеб россиянazул хIалхьияб гIумру.

Гьез гьенир рихьизарулел ругел бахIарчиял ишазул мисалалда куцазе хIажат руго жакъа интерненталда ругел чIвайхъвеялде, жалго жидецаго къотI-къотIун сакъат гьариялде гьесизарулел хIаяз кIотинарурал гIолилал, лъимал.

**P.S. ТIаде кIанцIарал тушбабаздаса ВатIан цIунизе гуреб, жидеда тIад лъураб интернационалияб налъиги ракIбацIцIадго, унго-унгояб магIаруласул яхI-намусгун тIубазабурал нилъер гIолохъаби гIадал рукIине кколин магIарул васалилан малъизе хIажат буго школалда-мугIалимзабаз, рокъоб-умумуз, къватIалда жамагIаталъ.**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIебда руччабазул мажлис



**13 февралалъ ХIебда кIудияб мажгиталда тIобитIана руччабазул мажлис.**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул имам МухIаммад ГIариповас ва ХIебда росдал имам МахIмуд-афанди Думалаевас. Гьединго, баракатаб данделъиялде районалде гьоболлъухъ щвана Муфтияталъул рухIияб лъайкьеялъул отделалъул руччабазул рахъалъул хIалтIухъаби. Руччабазул мажлисалде гьедин цIикIкIараб къадар гьалбадерил районалде рачIаралдаса 6 сон бан букIана. МахIачхъалаялда бугеб руччабазул «Гьидаят» централъул бетIер ва Муфтияталъул рухIияб лъайкьеялъул рахъалъ руччабазул нухмалъулей Загьра ИсмагIилова ва республикаялъул батIи-батIиял шагьараздасаги районаздасаги рухIияб лъайкьеялъул хIалтIухъаби щвана арал гIодоркъояз ХIебда мажлисалде.

Загьра ИсмагIиловалъ ва гьелъул хIалтIухъабаз гьабуна викторина, бицана Ражаб моцIалъул хиралъиялъул, инсанасе рукIунел хIалбихьиязул, кIалмацIалъ гьарулел мунагьазул, заманаялъул гьабизе кколеб къиматалъул ва цогидабги.

Сидрат Ибрагьимовалъ бачунеб букIараб Шамил районалъул руччабазул рухIияб лъай кьеялъул отделалъул хIалтIи хадубккун тIубазе йихьизаюна ГIуриса Марьям ГIалиасхIабова.

МухIаммад ГIариповас ва МахIмуд-афанди Думалаевас гьаруна лъикIал насихIатал, бицана Аварагасул (с.гI.в.с.) хIадисазул ва чIужугIадан исламалъ кIодо гьаюн йигей куцалъул. Суалазда рекъон бицана хварав чи чуриялъул, Аварагасул гIумруялъул, какил мухIканлъиялъул.

Руччабазул цIикIкIараб бутIаялъе мажлисалда гIахьаллъи гьабизе щвезе хIисабалде босун, гIодоркъояз нилъехъе щварал Муфтияталъул хIалтIухъабазда ракIалде ккараб хIалалъ тIобитIичIо мажлис. ЦIакъ дагьав чи вукIана тадбиралда. Цо-цо руччаби росулъа рахъарал мажлисалда гIахьаллъизе районалде щваниги, райцентралда гIумру тIамулезул гIемеразул кIудияб гьираго ккун гьечIо къватIире рахъине. 11 устар жанив вахъарав Шамил районалде лъикIаб бербалагьигун щварал гьалбал рихьараб мехалъ, бичIчIулеб букIана, гьезда нилъер рахъалдасан жеги цIикIкIун кIвар босараблъун батилила ккун букIин тадбир.

> **Жидерго гьарулел пишабиги нахърахъун тун, гьединаб лъикIаб мажлисалда гIахьаллъаразе ва гьалбадерил адаб гьабуразе баракат кIудияб щвела. Аллагьас нилъее иманги сахлъиги кьейги лъикIал ишазулъ гIахьаллъизе ва гьелдаса мунпагIат босизе.**

Жидерго гьарулел пишабиги нахърахъун тун, гьединаб лъикIаб мажлисалда гIахьаллъаразе ва гьалбадерил адаб гьабуразе баракат кIудияб щвела. Аллагьас нилъее иманги сахлъиги кьейги лъикIал ишазулъ гIахьаллъизе ва гьелдаса мунпагIат босизе.

ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА

■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

**МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ**
**«ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН» РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**ПОСТАНОВЛЕНИЕ**
**с.Хебда**

**от « 15 » февраля 2022 г.** **№ 08**

О внесении изменений в Административный регламент рассмотрения обращений граждан в администрации МО «Шамильский район»

В целях приведения административного регламента в соответствие с действующим законодательством администрация муниципального образования «Шамильский район» Республики Дагестан – п о с т а н о в л я е т:

1.Внести изменения в Административный регламент рассмотрения обращений граждан в администрации МО «Шамильский район», утвержденный постановлением администрации МО «Шамильский район» от 10.04.2012 г. №43, дополнив его пунктом 45 следующего содержания:

«45. Письменное обращение, содержащее информация о фактах возможных нарушений законодательства Российской Федерации в сфере миграции, направляется в течение пяти дней со дня регистрации в территориальный орган федерального органа исполнительной власти в сфере внутренних дел и Главе Республики Дагестан с уведомлением гражданина, направившего обращение, о переадресации его обращения».

2.Настоящее постановление вступает в силу в установленном порядке.

**Врио Главы МО**
**«Шамильский район»** **Магомедов К. И.**

■ АДАЛЛО ГӀАЛИЕВ ГЬАВУРАЛДАСА 90 СОН ТӀУБАЯЛДЕ

# МагӀарул поэзиялъул классик



*ГӀабдула ГӀалиев (Адалло- творческияб тӀокӀцӀар) гьавуна 1932 соналъ ГӀурада росулъ. 1949 соналъ КъахӀиб гьоркьохъеб школаги лъугӀун, гьев заочно цӀализе лъугьуна Дагъистаналъул педагогикияб институталде. ГӀагараб росулъ байбихьул классазул мугӀалимлъун хӀалтӀула.*

*Гьес кучӀдул хъвазе ва къватӀир рахьизе байбихьула школалда цӀалулеб мехалъго. Хадубккун «БагӀараб байрахъ» газеталда хӀалтӀизе ахӀула гьев. Гьенив хӀалтӀулаго цӀализе лъугьуна Москваялда Горькиясул цӀаралда бугеб Литературияб институталде. ЦӀали лъугӀигун 1965 соналдаса нахъе хӀалтӀана жавабиял хъулухъазда- «Лачен» ва «Гъудулльи» журналазул редакторлъун, «Исламалъул нух» ва «Кьоял» газетазул редакторлъун. Жигараб гӀахьаллъи гьабуна гьес жамгӀиял ва политикиял ишазулъги.*

*1990 соналдаса Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъе нухмалъи гьабуна. 1992 соналъ политикиял бербалагьиял гӀиллаялъе ккун СССРалъул хъвадарухъабазул Союзалда гьоркьоса нахъе вилълъуна ва Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалда хӀалтӀи тола.*

*Араб гӀасруялъул 90-лел саназ Адалло ГӀалиевасул цӀар рехсола Чачан рагъул вагьабиязул церехъабазул мухъилъ. 1999 соналъ гьев халкъазда гьоркьосеб росыскалъ кьун вукӀана. Гьеб заманалъ гьесул творчество авар адабияталъул дарсаздаса ва тӀахьаздаса тӀагӀинабизе байбихьула. 2004 соналъ Дагъистаналде тӀад вуссуна ва судалъ условияб срокги кьун, вагьабиязул мухъилъ гӀахьаллъиялъул гӀайиб нахъе бахъула А. ГӀалиевасдаса.*

*ВатӀаналде вуссингун ахирисел кьоял щвезегӀанги гьев хутӀана авар литератураялъул классиклъун, гьеб литератураялда гьоркьоса жиндир цӀар нахъе хьвагӀалеб букӀараб, амма къезавизе кӀвечӀевлъун гьеб литератураялде жив тӀад вуссаравлъун. Хасияталъул къвакӀи заманалъул свералабаз къуркьизавичӀевлъун хутӀана Адалло.*

*2015 соналъул 30 августалъ кӀикьоялда анцӀгоялдаса цӀикӀкӀун магӀарул ва гӀурус мацӀалда риччарал тӀахьалги асаралги литературияб ирсалъе тун хвана Адалло ГӀалиев.*

*Гьесие ва гьесда сверун рукӀаралщинал бахӀсазе кьимат кьезе къуват дир гӀеларо, амма Адаллол тӀехь рагьидал, гьесул асараз пана гьарилъ, лъимлъун чвахун рилъунел мухъаз бичӀчӀулеб буго унго-унголъунги кӀудияб гьунаралъул шагӀир гьев вукӀин, магӀарул поэзиялъул классикасул цӀаралъеги гьев мустахӀикъав вукӀаравлъи.*

*Пагьмуялъеги гьунаралъеги щивас жинцаго кьимат кьезелъун, гьоркьехун кьолел руго гьесул цо-цо асарал.*

**П.МУХӀАМАДОВА**

### МагӀарухъ сордо

Огь, магӀарухъ сордо, магӀарухъ сордо!
Сордо гьаниб бачӀев, вачӀа цо щвезе.
Дуе тӀабигӀаталъ тӀубан гьайбатлъи,
ТӀоцебе рагьила гьаб дунялалъул.

Кинаб миллаталъул мун ватаниги,
Буртина балагье гьоболасулъуб.
Гьуинаб бокьани макьу бачӀине,
ГамачӀ къаданиб лъун лъугьа чӀахӀилъе.

ЛъикӀ щварав гьоболан гьаругьинан моцӀ,
Гьимулаго дуде къулила тӀаде.
Бакъул бухӀи жеги сун батиларин,
Свердила дуда тӀад недегьаб гьури.

Бигьаро гъутӀбузул тӀогьазда бигьун,
Дугъ гьабила дуе хъахӀилаб зобалъ.
Хъат цӀун росейилан гӀодоре рачӀун,
КенчӀела чӀегӀерлъукь чӀахӀиял цӀваби.

Бачина дуй макъан хӀоразул къверкъалъ,
ХӀайран гьавила мун сардил хӀанчӀица.
Цинги гӀумруялъул арал кьоязухъ,
Къанцун бералгун дур балагьила ракӀ.

Ралъдалъ гама гӀадин мугӀрул расалъи
Восун мунгин ина хъахӀал накӀкӀалъан.
Хиялазда гъорлъан дур лугбузулъе
Лъугьина дагь-дагьккун гьуинаб макьу.
Огь, магӀарухъ сордо, магӀарухъ сордо!
Сордо гьаниб бачӀев, вачӀа цо щвезе.
Дуе тӀабигӀаталъ тӀубан гьайбатлъи,
ТӀоцебе рагьила гьаб дунялалъул.

### Гьадинго дийго…

Дун рохьил рагӀалда гӀодов чӀун вуго,
ГӀисинккун гаргалеб аскӀоб лъар буго.
Кибали гьецтӀолеб сардил хӀинчӀалъухъ,
СихӀ кьотӀун расалъи гӀенеккун буго.

ГӀатӀидаб зодисан гӀодоб ракьалде
ГӀажаиблъун руго ралагьун цӀваби.
Гьезул хабар буго цоцай шурулеб,
Цо-цо диде руссун руго гьимулел.

Гьаб кватӀараб сардилъ цохӀо вуго дун,
СихӀ кьотӀун дуниял буго гӀенеккун.
ГӀажаиблъун вуго дунги валагьун,
Ва гьимулев вуго гьадинго дийго…

* * *

МахӀо бекани инсан
ГӀансаялде къулула,
Квер бакъвани цойгияб
Саналъ кумек гьабула.

Цосина берадасa
Канлъи босун анани,
Кагъат цӀализе жеги
ЦӀодорал руго килщал.

Щибаб сакъатлъиялъе
Сабаб чанги бугоан,
Амма рекӀел цӀа свани
ЦӀидасан рекӀунаро.

* * *

БахӀарчи килищ битӀун
Вихьизавила рагъалъ.
Лъадул къадру-кьоялъе
Кьимат кьела сапаралъ.

КъартӀ бугебищ чухьабищ
Чу бихьизе бокьани,
Кьуркьурараб мугӀрул нух
НугӀлъун букӀина дуе.

РикӀкӀен гӀемерал соназ
Валагьила дуй гьудул.
Дунялалъул гьайбатлъи
Лъазабила щокълъиялъ.

### ЦӀияб къо

I

Къо…
кинаб цӀияб къо рещтӀунеб бугеб,
Гьаб нилъер басрияб дуниялалде?
Дирго анищазулъ щущараб алжан,
Ширишалъ цощина седолевищ дун?

Гьабго чӀегӀераб ракь буго дида гъоркь,
Лъобго хъахӀилаб зоб буго дида тӀад.
ТӀокӀаб жо щиб бугеб цебе букӀинчӀеб,
Цойги хисараб жо щиб гьаниб бугеб?

ГьечӀо бакъул сапар цойги нухдасан,
Сверулеб буго гьеб добго хӀобода.
Дида чӀвалел гьелъул чӀоразул хинлъи,
Хадур ругезеги букӀина. Амма

Хъудила гӀасраби, гьалдела гӀумру,
ГӀаданги хутӀила гӀаданлъун даим.
Ина гьев рикӀкӀадал дуниялазде,
Дун гьадаб рагъиде вахъунев гӀадин.

ГӀелмуялъул ахикь рижила гъутӀби,
Гьенела нилъеда тӀагӀам лъачӀеб пихъ.
ТӀамила галаби хадусел гӀелаз,
Хадуб нилъер пикру гьечӀел тӀогьазде.

ТӀасан белъанхъулеб рагъулаб хӀинкъи,
Къаникье тӀупила тӀаде рачӀунез.
БичӀчӀизе захӀматаб гьанжесеб заман,
Зоб гӀадин рагьила гьезул беразе.

Гьабила доз хӀикмат нилъер ишазул,
Нилъеца пиргӀавун хобазул гӀадин.
Хъвала дозги кучӀдул, гьабила рокьи,
Гьайбатлъила жеги ракьалда гӀумру…

■ ГӀАСРАБАЗ ЦӀУНАРАБ НАСЛАБАЗУХЪЕ

# Зивуриб тарихалъул нахърател

**ХӀакъикъияб къагӀидаялъ нилъер районалда буго рагьараб лъабго музей – ГӀурада, ТӀелекь ва МачӀада росабалъ. Цо чанго школалдаги руго гӀаммаб къагӀидаялъ гьарурал музеял. Амма цо-цо тарихияб бечелъиялъул кьимат гьабизе лъалезги квербакъула гӀун бачӀунеб гӀелалъухъе умумузул ирс щвезабиялъе. Гьединазул цоявлъун ккола Зивуриса ХӀамзатов ХӀамзат МухӀамадовичги. Наслабазе хазиналъун хутӀулеб тарихалъул нахъратал гӀуцӀун буго жиндирго рокъоб ХӀамзатица.**



ЦӀакъ берцинго гӀуцӀараб ХӀамзатил музей бихьизе, дагьал цергеӀан кьоязь гьесухъе гьобоhлъухъ щвана редакциялъул хӀалтӀухъаби. Гьираялда нижее киналъулго баян кьуна гьес.

«Дица гьаб иш байбихьараб заман буго 90-абилел санал, нилъер гьаниса Турциялде пахь бакӀарулеб заман. Гьеб заманалъ, рокъоса къватӀиве вахъарав дида ватана вац черда-калъул букӀарабщинабги бакӀарун, учузабго багьаялде цадахъ гьеб бичун кьезе унев. Дица вац тӀадвуссинавуна. Нилъер умумузул квер хъвараб жо бугин, кибениги кьезе бегьуларинги абун, кинабго батаралъуб лъейилан витӀана.

Гьелдаса хадуб дица бакӀа-жахаризе байбихьана гӀертӀал, саргъасал ва цогидал тӀагӀелал. Гьел умумузул алатал ракӀараралдаса хадуб дагь-дагьккун дир жеги гьира бачӀана гьеб ишалде. Цо кӀудияб рукъги кьачӀан, дица къайи-матахӀ цо бакӀалде буссинабуна. Гьанже дица гьеб бакӀарулеб букӀин рагӀидал, цояз бачӀун, цояз бачӀун умумузул алатал лъикӀго цӀикӀкӀана. Жакъа кьоялде цӀакъго гӀисибикьинал алатал малъичӀого, дир музеялда гӀун буго 460гӀанасеб тӀагӀел тӀад номералги лъураб. Журналги гьабун, кинабго хъвай-хъвагӀай буго хӀадурун, щиб сунде хӀалтӀизабулеб баян гьабулеб. Жиб-жиб тӀагӀелалъул буго хасаб тарих, киналъулго бицине нилъее заманги гӀеларо.

ТӀад бугеб хъвай-хъвагӀаялда рекъон, бищунго заман бараблъун буго дир музеялда умумузул раса. Гьелда тӀад хъван буго гьижрияб къагӀидаялъ азарабилеб сон, ункънусгоялдасаги цӀикӀкӀун сон ккoлеб буго гьанже гьеб тӀагӀелалъе.

Щибниги дица гьалдаса босулеб пайдаги гьечӀо, диего рекӀее гӀолеб хӀалтӀи букӀун гьабулеб буго», -ян бицана ХӀамзат ХӀамзатовас.

Жеги ХӀамзатица гьабун буго жиндирго тухумалъул мухӀканаб цӀех-рех. Цогидал тухумазулгун бухьенал гӀемерал ратиялъ, гьесул лъугьун буго тӀубараб тӀехь «Зивуриса Мачиласул тухум ва цогидал тухумазулгун гьелъул хурхен» абураб. Чанго кьералъ цеве ваккун умумузул цӀаралги бухьеналги хъван руго гьеб тӀехьалда. Гьебги гьечӀищ гьесул лъималазулги лъималазе нахъе толеб кӀудияб бечелъи.

Чангоял руго гӀумруялда жаниб цогӀаги нухалъ музей бихьичӀел ва киб гьеб бугебгӀай цӀехечӀелги гӀадамал. Амма ратула гьадинал чагӀиги, жидерго ракӀалъ ахӀун, щибго мухь гьечӀониги, тарихияб бечелъи бакӀарун, наслабазе араб гӀумруялъул гъваридаб тарих нахъе толелги. Гьеб ккола нилъер кӀудияб божи бугеб гӀумруялъул кьучӀ жинда жаниб бугеб гӀасрабаз гӀасрабазухъе кьолеб бечелъи.

**ПатӀимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЗИГАРА

## ГIАЛИЕВ ГIарип ГIалиевич



15 февралалда захIматаб унтиялдаса хадув нилъедаса ватIалъана Гъандихъа ГIалиев ГIарип ГIалиевич.

ГIалиев ГI.ГI. гъавуна 1951 соналъул 10 июналда. 1968 соналъ гьес лъугIизабуна Гъандихъ гьоркьохъеб школа. 1969 соналда цIализе лъугьана Новочеркасскиялъул гидромелиоративияб институталде ва 1974 соналъ гьесие инженер-мелиоратор абулеб махщел щвана.

Гьебго соналъ хIалтIизе лъугьана ПМК-18-де. Гьениб жиндирго захIматалъул нух гьес участкаялъул мастерлъиялдаса ПМКялъул бетIерав инженерасде щвезегIан тIобитIула.

1979 соналъ гьев витIула нилъергун гьудуллъиялда бугеб Йеменалъул Халкъияб Демократияб республикаялде мелиоративиял хIалтIаби гьаризе.

ВатIаналде тIад вуссун хадув, 1982 соналъ ГIарип тIамула ПМК-18лъул начальниклъун.

Гьес кIудияб махщалида нухмалъи гьабула республикаялда цIикIкIараб манзилалда пиринчIалъул цехал раязулъ ва гьенир гьарурал чIахIиял хIалтIабазулъ.

1986 соналде щвезегIан ГIарипица нахъойги гIахьаллъи гьабула Йеменалъул ракьалда гьарулел гидротехникиял хIалтIабазулъ.

КIиго соналдасан ВатIаналде тIад вуссиндал, коллективалъ гьев вищула ПМК-18 нухмалъулевлъун. ЛъагIалидасан гьеб гIуцIи буссинабула тресталде ва «МугIрул» программаялда гьоркь хIаракатаб гIахьаллъи гьабула. 1994 соналъ гьеб лъугьана «Хунзахводстрой» абулеб гIемерал пайдаял хIалтIаби гьарулеб трестлъун.

1995-2000 соназ ГIалиев ГIарип вищула Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун. Гьенив вукIаго избирателазул тIалабал тIуразаризелъун гьес бажарарабщинаб гьабула.

ГIарип кколаан экономикиял гIелмабазул кандидат. Гьесие кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъав бакIалралев чи» абураб цIар, Пачалихъалъул Советалъул ХIурматияб грамота ва ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орден.

Бажари бугев нухмалъулев, гIадатав ва ракI лъикIав инсан ГIалиев ГIарип нижеда кидаго кIочене гьечIо. Ахират лъикIаб кьун батайги.

**Шамил районалъул администрация,**
**Гъандихъ росдал жамагIат.**

■ СПОРТ

# ГьентIаса АхIмадудин ракIалдещвеялъе



**12 февралалда МахIачхъалаялда Карповасул цIаралда бугеб школалда тIобитIана республикаялъулаб шашкабазул турнир. Гьеб турнир буссараб букIана шашкабазде гъира-шавкъ цIикIкIарав, шашкабазул спорталъул кандидат, республикаялъул къецазул гIахьалчи, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул жамгIияб цолъиялъул член, лъикIав инсан Шамил районалъул ГьентIа росулъа ГьитIинамухIамадов АхIмадудин ГьитIихIмаевич ракIалдещвеялде.**

Гьеб турниралъул гIуцIарухъабилъун рукIана АхIмадудинил гьудул, шашкабазул къецазул бетIерав судияв Арсен Адзиев ва шашкаби рокьулел АхIмадудинил лъикIал гьалмагъзаби.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна республикаялдаса 26 шашистас, къецал тIоритIана радал 9- тIубаралдаса, къаси 7- тIубазегIан.

Турнир гIуцIиялъе спонсоралъулаб кумек гьабуна къецазул гIахьалчагIаз, МахIачхъалаялъул ва Гъизилюрталъул шашкабазул федерациялъ, АхIмадудинил лъималаз ва гьесул вац ХIажи КъарахIажиевас.

Турниралда кIалъазе цере рахъана АхIмадудинил гьудулзаби ва лъимал, гьез бицана махщел цIикIкIарав гьесул гIумруялдаса цо-цо лъугьабахъиназул. Турниралъул ахиралда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Шарип Аштаев, кIиабилеб бакI- Шамиль ГIалиев ва лъабабилеб бакI щвана ХIасайни ГIабдулаевасе. Гьел киналго руго МахIачхъалаялдаса.

Бергьаразе кьуна кубокал, медалал ва гIарцулал шапакъатал, 4-6 бакIазе мустахIикълъаразе гьаруна гIарцулал сайгъатал.

Тадбиралъул ахиралда хIукму гьабуна щибаб санайил АхIмадудин ракIалдещвеялъе гьединаб турнир тIобитIизе.

-Хьул буго тIасияб соналъ гьадинаб турнир тIобитIиялъе квербакъи гьабилин ГьентIа росдал администрациялъ, росдал сельхозкооперативалъ ва ГьентIа росдал предпринимателаз,-ин бицана нижеда Гъизилюрт шагьаралъул шашкабазул федерациялъул президиумалъул член МухIамадамин Дибировас.




# Террoралде дандечIей – нижер мурад

(Байбихьи 1-себ гьум.)

Турниралъул аслияб мурадлъун букIана гIолилал сахаб гIумруялде руссинари, районцоязда гьоркьоб гьуинлъи цIикIкIинаби, жал камиялдалъун жамагIаталъе ва тIолго районалъего кIудияб ками ккарал машгьурал районцоял ва росдал бутIрул ракIалде щвезари.

КIиго къоялъ тIоритIарал хIалуцарал къецазул хIасилазда тIоцебесеб бакI щвана Гьолокь росдал командаялъе, гьезие кьуна 40 азарго гъ, кIиабилеб бакIалде щвана ТIелекь росдал команда, гьезие щвана 30 азарго гъ. ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъараб ТIогьохъ росдал командаялъеги щвана 20 азарго гъурущ.

Гьединго, шапакъатаздалъун кIодо гьаруна турниралъул «Лучший нападающий», ТIелекьа МуртазагIали Юсупов; «За волю к победе»- ТIогьохъ команда; «Лучший игрок турнира» ТIелекьа ХIажимурад ХIусенхIажиев; «Лучший связующий» - Гьолокьа ГIалимухIамад ГIалиев.

Турниралъул ахиралда баркалаялъул кагътал кьуна районалъул бетIерасул ишал тIуралев Камил МухIамадовасе, ДРялъул федералияб казначействоялъул заместителасул руководитель МухIамад ГьиматхIажиевичасе, автомобилазул колледжалъул директор Ярали Рамазановасе, ТIелекь росдал администрациялъул бетIер ГIабдурахIманхIажи МухIамадрасуловасе, АО «Электросвязь» компаниялъул генералияв директор Будун Будуновасе ва гьединго ЧОО «Энергосвязьохран»лъул генералияв директорасе.

КIудияб баркала загьир гьабулеб буго «ТIелекь росдал гIолилазул» гIуцIиялъ гьеб турниралъе квербакъарал тIекьадерил жамагIаталъул цевехъан КъурамухIамад МухIамадовасе, Шамиль КъурамухIамадовасе, ГIалиасхIаб Шабановасе, Асадула Гъазиевасе ва ХIажи Пирбудагъовасе.

Районалъул росабазда гьоркьоб, район бахун къватIирехун ругезулъ гьуинлъи ва бухьен цIикIкIинабиялъулъ гьединал турнираз кIудияб бакI ккола.

**Р.АБАКАРОВА**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## О проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

Администрация МО «село Гента» Шамильского района Республики Дагестан сообщает о проведении 21 марта 2022 года конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000070:474, общей площадью 464491+/-5963 кв.м. из категории земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования: для сельскохозяйственного производства, расположенный по адресу: 368436, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с. Гента, в местности «ТIами».

Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая. Заявления об участии в конкурсе принимаются по адресу: 368436, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Гента, ул. Центральная д. №88

**Глава МО «село Гента»** **Магомедов Х.Г.**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
Р. Абакарова
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50